



Pou Piblikasyon Imedya: 11/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON DIREKTÈ BIDJÈ A, ROBERT MUJICA, SOU NESESITE POU FINANSMAN JIS E EKITAB POU LEKÒL YO

Edikasyon timoun nou yo se youn nan priyorite prensipal gouvènman an—se sa tout politisyen di nan tout diskou yo fè. Epoutan, malgre tout bèl diskou sa yo, se yon bagay etonan pou wè ki jan diskisyon politik nou kontinye pa byen enfòmè sou pwoblèm sa a ki enpòtan anpil. Yo pral pran desizyon sou bidjè Leta a nan kèk semèn. Bidjè Gouvènè an mande yon gwo refòm onivo edikasyon, sa ki esansyèl nan kad jistis sosyal. Bidjè nou an mande pou l vin obligatwa pou yo divilge fòmil finansman edikasyon pou decide si fòmil sa yo jis e ekitab.

Ann kòmanse pa di yon gwo verite: Gen de sistèm edikasyon diferan nan eta a; se pa keksyon piblik ak prive, men se keksyon yon sistèm pou moun rich ak yon sistèm pou moun pòv. Pwoblèm ki pi enpòtan an, se pa onivo finansman an jeneral. Eta nou an depanse plis pa elèv pase nenpòt ki lòt eta, e li double mwayèn nasyonal la. Pwoblèm reyèl lan se diferans ki genyen onivo finansman ant lekòl ki pi pòv yo ak lekòl ki pi rich yo. Se gouvènman federal ak gouvènman eta yo, ansanm ak taks onivo lokal, ki finance sistèm edikasyon nou an. Kominote rich yo ka ogmante finansman anpil lè yo ogmante taks lokal yo, kidonk zòn pi rich yo souvan gen lekòl ki pi byen finance. Pwoblèm lan se ekite onivo finansman pou lekòl ki pi pòv yo, ki souvan gen gwoup minoritè, e ki pa pèfòme byen.

Pou kòmanse, an nou pale de movèz enfòmasyon, mit ak lejand ki genyen. Defansè ak mandatè yo souvan ap fè deba konsènan pwosè “CFE” ki te genyen nan kòmansman ane 1990 yo. Aksyon an jistis sa a, kote Kanpay pou Ekite Fiskal (Campaign for Fiscal Equity, CFE) te deklare lekòl Vil New York yo pa t jwenn ase finansman, te lakòz Eta a ak tribinal yo te mete yo dakò pou yon ogmantasyon 1.9 milya dola finansman ki pou te soti onivo vil yo, onivo leta e onivo federal. Depi lè sa, finansman lekòl Vil yo te ogmante anpil nan nivo sa yo: li te pase de 18,5 milya dola nan moman pwosè an, pou rive a 30.8 milya dola jodi a. Sepandan, movèz enfòmasyon ak manti kontinye antoure estati CFE. Kontrèman a sa yo di pandan diskisyon egoyis ak manti kèk nan mandatè yo fè, Eta a pa t janm te gen okenn obligasyon onivo finansman poutèt CFE; sepandan, Eta a, Vil la, ak gouvènman Federal la te pran angajman a yo twa a pou finance 1.9 milya dola ototal. Anplis de sa, yo te kite ka a tonbe an 2006 e li pa gen okenn enpòtans jodi an. Pa gen okenn dèt oswa obligasyon Eta a, Vil la, oswa gouvènman Federal la genyen poutèt CFE.

An menm tan tou, Gouvènè Cuomo te ogmante anpil finansman pou lekòl yo toupatou nan New York. Dapre bidjè Gouvènè an, depans Eta a fè pou edikasyon monte de 35% sou setan, soti 19.5 milya dola rive 26.4 milya dola. Ogmantasyon sa a plis pase twa fwa to enflasyon an, e depase de 10 pousan nivo maksimòm fòmil pou edikasyon lalwa fikse, apre Gouvènè an ak Lejislati an te pase lwa sa a lè Gouvènè an te monte sou pouvwa. Edikasyon resevwa pi gwo pousantaj ogmantasyon nan bidjè Eta a - e nou fyè de reyalyte sa.

Sepandan, diskisyon nou sou zafè edikasyon gen bagay li pa pran an kont. Se pa yon kesyon depans leta fè an jeneral. Eta New York pran devan nasyon an nan zafè depans. Kesyon fondamantal la se ki kantite lajan lekòl pòv yo resevwa, parapò ak lekòl rich yo? CFE te konsantre sou finansman total nan Vil New York, kòm si se tout Vil New York ki te yon distrik pòv. Se pa sa. Moun ki pi rich nan mond lan rete nan Vil New York, e gen yon gwo diferans nan pèfòmans lekòl yo nan kominote ki pi pòv yo, an konparezon ak kominote ki pi rich yo. Pwoblèm reyèl ki genyen nan domèn jistis sosyal se asire lekòl pòv Vil New York yo jwenn menm kalite finansman.

Premye defi an se mank transparans. Distrik yo refize divilge konbyen chak lekòl resevwa e ki faktè yo pran an kont pou gide desizyon an. Eta a konnen konbyen lajan li distribye chak distrik lekòl, men distrik yo menm pa fè rapò sou fason yo distribye fon sa yo pami lekòl ki pi pòv yo ak lekòl ki pi rich yo.

Sa ki enteresan, defansè, jounalis, Eta a, ak mandatè lokal yo, tout te inyore pwoblèm lan.

Anpil distrik lekòl piti, ki fè li fasil pou remake kijan yo distribye lajan an. Sepandan, anpil distrik pi gwo e nou pa wè kijan lajan an distribye. Paregzanp, nan ka Buffalo, Rochester, Syracuse, Albany, Yonkers ak Vil New York, yo chak se yon “distrik lokal”. Eta a bay Buffalo 762 milyon dola chak ane. Nou pa egzamine oswa egzije pou Buffalo esplike kijan li distribye lajan sa yo bay 54 lekòl nan Buffalo yo. Rochester gen 50 lekòl, Syracuse gen 32 lekòl, Albany gen 15 lekòl e Yonkers gen 39 lekòl. Vil New York li menm gen 1,600 lekòl e yon bidjè 30.8 milya dola. Kijan li distribiye lajan sa a? Manm Sena, Asanble ak Konsèy Vil New York pa gen okenn ide ki pousantaj lajan lekòl nan pwòp distrik pa yo resevwa.

Poukisa nou te inyore yon pwoblèm evidan konsa? Pou de rezon. Premyèman, nivo finansman distrik yo onivo lokal pèmèt deside salè ak depans administratif, sa ki bagay ki pi enpòtan pou pifò lobiyis ak jwè enstitisyonèl, kidonk yo pa t prete atansyon a nivo finansman lekòl yo. Dezyèmman, paske se yon sijè ki gen kontwovès. Pwoblèm ki difisil men ki nesèsè pou yo rezoud la, se zafè “finansman ekkitab”. Gen detwa moun ki di “finansman ekkitab” se lè chak lekòl resevwa yon menm pwopòsyon nan lajan an. Gouvènè an pa kwè sa “ekkitab”. Ekite dwe pran an konsiderasyon bezwen ak sikonstans chak popilasyon elèv. Sa Gouvènè an panse, sèke lekòl ki toujou ap pèfòme mal yo dwe gen priyorite onivo atansyon ak finansman yo resevwa. Sa te alabaz pwosè CFE an, e sa te fè sans. Nou dwe konsantre sou sèvi elèv ki bezwen plis èd ak plis sèvis yo, sa ki egzije yon evalyasyon ak analiz chak grenn lekòl.

Yon deba enfòme dwe reponn de kesyon. Premyèman, ki pousantaj finansman Eta a ki ta dwe sèvi pou egalize diferans ki genyen osen sistèm finansman enpo lokatif nou an,

ki de pa li menm pa ekitab; e dezyèmman, ki pousantaj nan èd Eta a ak gouvènman lokal yo ki ta dwe al nan men lekòl ki pi pòv yo, e ki gen pi movèz pèfòmans.

Nou te kòmanse diskisyon sa a nan bidjè Gouvènè an pi bonè ane sa a, e li te pwopoze balanse finansman nan tout eta a gras a yon fòmil ki asiyen 75% nan ogmantasyon finansman Eta a bay lekòl ki pi pòv yo. Eske pousantaj nou pwopoze an twò wo oswa twò ba: sa, se yon sijè pou yon deba. Epi n ap kontan fè deba sa a. Pwoblèm evidan n ap poze apre sa, se ki fòmil distrik lekòl lokal yo dwe itilize pou alwe lajan bay lekòl ki pi rich oswa ki pi pòv nan lokalite yo. Eske nou ta dwe egzijè pou tout distrik lokal yo sèvi ak menm fòmil 75% Gouvènè an pwopoze a? Kowolè a se ki pousantaj finansman yo ta dwe bay lekòl ki toujou ap bay movèz pèfòmans nan lokalite yo. Sa yo se kesyon ki ta dwe osant deba a. Ankò nou dwe kòmanse ak fè yo. Gouvènè an te pwopoze nan bidjè an ane sa a pou distrik lokal yo esplike kijan yo distribye lajan bay chak lekòl, nan kad pwosesis finansman an. Annou gen yon diskisyon edike sou finansman edikasyon nou epi konsantre sou bezwen elèv yo. Sitwayen yo ta dwe mande majistra yo ak reprezantan Eta yo ki pousantaj lajan k al nan lekòl ki pèfòme pi byen, e ki pousantaj k al nan lekòl ki pa pèfòme byen. Kisa lekòl la ap resevwa, e ki jan yo te detèmine montan lajan an, lè ou pran an kont ras, povrete ak bezwen? Èske distrik lekòl yo “ekitab fiskalman” nan distribisyon lajan yo?

Edikasyon osant batay dwa sivil jenerasyon sa a. Gouvènè an gen rezon mande, ki pwogrè nou fè depi Brown kont Depatman Edikasyon (Brown v Board of Education). Ekite onivo finansman pou lekòl pòv parapò ak lekòl rich yo se yon pwoblèm jistis sosyal fondamantal. Pa kapab gen okenn rezolisyon onivo bidjetè ane sa a san yo pa rezoud pwoblèm sa a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)